# ШЫҒЫС ОЙШЫЛЛАРЫ ЕРКИН ПИКИРДИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎШЫ ФАКТОРЛАР ҲӘМ ШӘРТ-ШӘРАЯТЛАР ҲАҚҚЫНДА

**К.Б.Кенжебаева** - *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** эмоционал идрок, аклий тафаккур, мантикий фикр, анализ-синтез операциялари, аклий сифатлар.
**Ключевые слова:** восприятие эмоции, сознательность, мышление, логическое мышление, операция анализа-синтеза, критерии мышления.
**Key words:** spirit of emotion, consctousness thinking, logical thinking, operation of analysis and synthesis, criteria of thinking.

Ҳәзирги дәўирде жасларды еркин пикирлеўге үйретиў, еркин пикирлеў имканиятын раўажландырыў машқаласы республикамыздың тәлим системасы алдында турған актуал мәселелердиң бири есапланады.

Шығыс ойшылларының бай руўхый мийрасында шаңарақ ҳәм жәмийетте жасларды еркин пикирлеўге үйретиў, олардағы пикир ҳәм дүньяға көзқарасларын тәрбиялаўшы факторлар ҳаққындағы пикирлерин көплеген әдебиятлар мысалында теориялық жақтан анализлеў соны көрсетеди, халық әсирлик мийрасларға ийе екен. Мәселен, бизиң эрамыздан алдын жаратылған «Авесто» да да сондай идеялар бар, олар бүгинги күнде де өз актуаллығын жойтпаған.

Бизге белгили, «Авесто» зардуштийлик дининиң муқаддес китабы болып, оның дәслепки бетлери Зардушт тәрепинен б.э.ш. 548-529 жыллар аралығында Әмиўдәрья жағалаўында жаратылған. Әййемги әўладларымыз жаратқан «Авесто» дүньядағы ең әййемги, билимлер ғәзийнеси. Онда дүньядағы барлық диний, дүньялық, тәбийий пәнлер бойынша терең пикирлер жаратылған. Атап өтетуғын болсақ, «Авесто» да жақсы пикир тәрбиясы ҳаққында төмендеги пикирлер ушырайды: «Тәрбия турмыстың ең тийкарғы таянышы болып есапланыўы лазым. Ҳәр бир жасты сондай тәрбиялаў зәрүр, ол дәслеп жақсы оқыўды, соң жазыўды үйрениўи менен ең жоқары басқышқа көтерилсин» «Мен жақсы пикир, жақсы сөз жақсы жумысқа қуўаныш бағышлайман».

Инсаныйлық, ақыл ҳәм ийман мәселеси өтмиштеги әўладларымыз нәзеринен шетте болмағанлығын усы әййемги шығарма да көрсетип турыпты.

Солай етип, муқаддес китап «Авесто» да инсанлардың жақсы пикирли болыўы, адамлардың бир-бирине меҳрибан, татыў жасаўы ҳаққындағы пикирлери баян етилген.

Шығыстың уллы ойшыллары ҳәм пикир ийелери есапланған Мотуридий Фарабий, Беруний, Ибн Сино, Алишер Наўайы, Умар Ҳайям, Фитрат, Авлоний ҳәм басқалар да өзлериниң ең баҳалы шығармаларында ақыл ойлаў ҳаққындағы пикирлерин билдирген. Абу Мансур Муҳаммад ибн Муҳаммад ал-Ханафий ал-Мотуридий (870-944) калом илиминиң тийкаршыларынан бири, мусылман елиндеги ең уллы суннийлик калом мектеби-мотуридийликтиң тийкаршысы. Уллы уламаның тийкарғы изертлеўи болған «Кито бат-тавҳид» («Жеке кудайлық ҳаққындағы китап») тың калом илими тәрийплеўинде берилиўинше билимде үш дерек: эмоциональ қабыл етиў, ақылый ойлаў ҳәм инсан исенимли дереклерден алыўы мүмкин болған дәстүрий хабарлар бар екенлиги ҳаққында айтылады. Оның шығармаларында анализ етилген нормалылық теориясы яки идеясы ойлаўға да байланыслы болып, ол динниң тийкарғы қағыйдаларын анализ еткенде, ең дәслеп, ақылдың терең, еркин болыўы лазымлығын, сондай ақыл ғана, инсанға Алланы, дүньяны, нәрсе ҳәм ҳәдийселердиң мазмунын дурыс түсиниўге үйретиўин айрықша атап өтеди. Уллы алым Абу Наср Фарабий (873-950) ақыл арқалы, ойлаў жәрдеминде билим алыўдың өзине тән өзгешеликлерин анықлаўға ҳәрекет еткен. Оның шығармаларында ойлаў абстрактлыққа, улыўмалыққа, туўрыдан-туўрылыққа, яғный сезиўлери арқалы билиў өзгешелигине ийе, деп түсиндириледи. Фарабий тәлийматы бойынша, ойлаў арқалы инсан материяның сезиўлерине белгисиз болған тәреплерин, улыўма нызамлылықларын, мазмунын биледи, мәденият, пән ҳаққында да билимлерге ийе болады. Фарабий ақылды инсанға ғана тән болған энергия, ол инсандағы барлық энергиялар үстинен басшы, оларды басқарыўшы энергия деп түсинеди. Оның пикиринше, ақыл энергиясының ең зәрүр ўазыйпаларынан бири болған логикалық операцияларды орынлаў. Бул ўазыйпа ақыл энергиясына кириўши еркин «қувваи фикрия» инсан логикалық пикирлеў процеси тәрепинен әмелге асырылады, яғный егерде, қувваи нотифа менен түсинилетуғын нәрсени билип алыў зәрүрлиги туўылса, «қувваи фикрия» иске кириседи. Бул хызмет пикир жүритиў, түсиник ҳәм ҳүкимлер жәрдеми менен әмелге асырылып, кейин ала жуўмақлар шығарыў ҳәм ҳүкимлер жәрдеми менен әмелге асырылып, кейин ала жуўмақлар шығарыў менен жуўмақланады. Оның ойлаўға улыўмаластырыў ҳәм абстрактластырыў, анализ ҳәм синтез етиў сыяқлы өзгешеликлери тәнлиги ҳаққындағы пикирлери зәрүр әҳмийетке ийе.

Солай етип, Фарабийдиң пикир жүритиў, ойлаў өзгешеликлери ҳаққындағы пикирлери ҳәзирги дәўирге шекем өз әҳмийетин жойтпаған.

Абу Райхан ибн Аҳмад Беруний (973-1048) де тәлим - тәрбия мәселелерине тереңнен қызыққан алымлардан бири. Ол билимлерди таңлаў қураллары ҳәм усыллары ҳаққында, ҳақыйқатқа ерисиў, пәнлерди үйрениў, турмыс пенен тығыз байланыслылық ҳаққында, пәнлер арасындағы өз-ара байланыс ҳаққында, эстетика ҳәм этика, тәлим-тәрбия усыллары ҳаққындағы идеяларды алға сүрген. Берунийдиң пикиринше, инсан билиў, түсиниў, пикирлеў, анализ қылыў, ойлап табыў сыяқлы қәбилетке ийе болады. Инсан ойлаўының қүдирети сонда, оның жәрдеминде ўақыя ҳәм ҳәдийселерди бир-бирине салыстырыў, анализ етиў арқалы ырасты өтириктен, әдалатты әдалатсызлықтан, жақсылықты жаманлықтан, ҳақыйқатты болса наҳақлықтан ажыратыў мүмкинлиги ҳаққында тәлим береди. Беруний бул нәрсе ҳәр қандай пәнниң раўажланыўына унамлы тәсир ететуғынлығын дәлийллейди.Ол билиў лазым болған ўақыя ҳәм ҳәдийселерди майдалап, бөлип-бөлип үйрениў, ойлаўдағы анализ етиў операциясын алға сүреди.

Солай етип, уллы алым ақылый хызметтиң анализ, салыстырыў сыяқлы усылларын үйренеди. Абу Али ибн Сино (980-1037) өзиниң психологиялық көзқарасларын «Тайр» (кус), «Ҳайй ибн Яқзон» (Ояныў баласы Тири) сыяқлы шығармаларында сәўлелендирип береди. Ол «Ҳайй ибн Яқзон» шығармасында инсан минез-қулқының тәбиятын, әҳмийетин тереңирек түсиниўи ушын илимий логиканы билиўге ийтермелейди. Себеби, бул илим инсанның таңлаў өзгешелигин раўажландырады, пикирлеў шеңберин кеңейтеди. Ибн Синоның тәлим-тәрбиялық көзқараслары жоқары инсаныйлық принциплерине, уллы адамгершилик идеяларына сүйенетуғын еди. Соның ушын да оның илимий шығармаларында инсан образы орайлық орында турады. Ибн Сино педагогикаға тән болған шығармаларында илим, пән, өнер, билим ҳаққында айтар екен, инсан өмириниң мазмунлы, қуўанышқа толы, руўхый ҳәм ақылый жақтан мазмунлы болыўын көзде тутады. Демек, бир шахстың жақсы пикирлеўи ҳәм оған байланыслы болған жақсы пазыйлетлери тек ғана оның өзине, бәлким оны қоршап турған өзге шахсларға да байланыслы екен. Сонда ғана оның инсаный камалаты тәмийинленеди. Бул пикирлер бизлер ушын да үлги ҳәм илимий жуўмақ ушын дерек есапланады. Омар Ҳайям шығармаларында (1048-1123) оқыўшылардың билимлерди толық, терең ҳәм саналы рәўиште өзлестириўлери, көнликпе ҳәм шеберликлерин ийелеўлери ҳәм оларды еркин билим өзлестириўлерине таярлаў жоллары ҳаққында көбирек пикирлер берген. Омар Хайямның айтыўынша оқыўшылар билимлерди тек ғана оқытыўшылардың берген мағлыўматлары ҳәм китап оқыў менен ғана емес, бәлким турмыслық ҳәдийселерди туўрыдан-туўры үйрениў ҳәм пикир алысыў процесинде, көнликпе ҳәм шеберликлерди болса әмелиятта бир ҳәрекет ҳәм әмеллерди қайта-қайта тәкирарлаў түрли операциялар ҳәм усы сыяқлылар нәтийжесинде де ийелеп алады.

Жуўмақлап айтқанда, тәлимде ҳәр қыйлы методлардан пайдаланыўды айтады. Демек, еркин пикирлеўдиң дереги, факторы сыпатында Омар Ҳайям тәкирарлаўды, илимди дәслеп ерки жәрдеминде беккемлеўди, соң пикирлеўшиге жәрдем берип атырған шахстың қоллап-қуўатлаўын, жәрдем бериўин айтып өтеди.

Амир Темур (1336-1405) Түркистан үлкесин өнерментшилик, илим-пэн ҳэм мэденияты раўажланған мэмлекетке айландырыўда үлкен үлес қосқан уллы мэмлекетлик искер Амир Темур эдеп-ақыл, ийман, исеним, тэлим-тэрбияда өзи де жетикликке, қурамалылыққа ерискен уллы данышпанлардан бири. Ол:- «Ҳэр кимнен кеңес алдым. Ҳэр кимнен пикир үйрендим, қайсы бири пайдалырақ болса, оны кеўил ғэзийнесинде сақлап, қоллана билдим»,- деп жазады. Буның менен Сақыпқыран ҳэмме бир-бири менен қарым-қатнасқа кириссин, қарым-қатнас процесинде инсанлар бир-бири менен өз-ара пикир алмасыўы ҳэм зэрүр пикирди керек жеринде қолланыўы мүмкин екенлигин атап өтеди. Уллы эскербасының нэсият етип бизге қалдырған мийрасы ойласып, анализ етиў, пикир жүритиў ҳэм логикалық жақтан дурыс қарар шығарыўдың тийкарғы факторы есапланады. Алишер Наўайы (1441-1501) түркий халықлар руўхый дүньясын байытыўда, дүнья мэдениятын раўажландырыўда үлкен хызмет көрсеткен ойшыллардың бири. Наўайы дөретиўшилиги терең бир теңиздиң өзи, бул теңизге халық турмысы түрли тараўлардан ағып келеди, үлкен дэрьяларға айланып және халықтын өзине қайтады. Халық турмысы, инсан шахсының бирде бир өзгешелиги жоқ, уллы ойшыл дыққатын өзине тартпаған болсын, яғный инсан ойлаўы ҳаққында да «Фархад ҳэм Шийрин» дэстанында мынадай деп жазады:

«Ҳар ишки қилмиш одамизод,
Тафаккур бирла билмиш одамизод».

Солай етип, Алишер Наўайы инсан ойлаўының уллы қудиретке ийе екенлигин атап өтеди. Оның «ақыллы» ҳэм ақылсыз адамлар ҳаққында берген пикирлери итибарға ылайық. Уллы бабамыз Алишер Наўайы шығармаларында бул түсиникти 27 орында қолланып, оның 27 дэрежеси ҳэм 27 сыпаты ҳаққында пикир жүриткен. Тийкарынан, ҳэр қыйлы ақыл-сыпатлары төмендегише характерленген: ақыл ақыллы-сергек сана ийелери; пикир- тэжирийбели, ақыл толқыны, саналы адам, ақыл критериясы –сана, ақыл өлшеўи, тэрезиси, ақыл инженерлери- данышпанлар, алымлар, билимданлар; ақыл алдында –саналы түсиниў бойынша, ақылый эгоист-өткир, сезгир, нэзик ақыл ҳэм тағы басқалар. Мине, уллы данышпан ақылдың усындай рэнбэрэң тэреплерин ажыратып, олар тийкарында улыўма еки тайпалы ақыл ийелери болыўы мүмкин екенлиги ҳаққында жуўмақ шығарыўға имкан береди. Биринши; ақыл инсанға пайда келтириўи, өз ийесин де бахытлы қылса, екинши;керисинше, өз мэпи жолында ғана ақыл ислетип, өзгелерге зыян жеткизеди.

Абдулла Авлоний (1878-1934) «Пикир тэрбиясы деп жазады Авлоний «Түркий гүлистон ёкуд ақыл» - шығармасында устазлардың дыққатларына сүйенген, хүжданларына жүкленген ўазыйпа есапланады. Пикир инсанның шарапатлы, ғайратлы болыўына себеп болады. Себеби, пикирдиң күши, зийнети кеңлиги авторға да байланыслы. Тэбийий баланың пикирлеў қудирети тэрбияшының өзиниң пикирлеў ҳэм умтылыў шеңбери, дэрежеси менен де байланыслы. Авлоний баланың пикирин өсириў мэселесине айрықша итибар менен қарайды, оған айрықша бап ажыратып дэлийллеп көрсетеди.

«Пикир егер жақсы тэрбия тапса,
Қылыш алмастан да болар өткир.
Пикирдиң айнасын тат басса,
Руўхы рэўшан, замир болар нурсыз».

Пикирлеў зийреклигин ийелеў, эҳмийетли пикирлерге қарай умтылыў демек. Солай екен, ақыллы адамның ақылсыз болыўы қыйын. Авлоний бул түсиниклерди жақын бирликте көреди. Абдулла Авлонийдиң пикиринше, саламат пикир, жақсы ақыл, илимге ийе болыўы ушын денени тэрбия қылыў керек: «Дене тэрбиясының пикир тэрбиясына да жэрдеми бар. Дене менен руўх екеўи бир шапанның оң териси сыяқлыдур» дейди.

Солай етип, Шығыстың уллы ойшыллары ойлаў, пикирлеў ҳаққында өзлериниң эжайып пикирлерин билдирип өтеди, олардың бундай руўхый мийрасы олар жасаған дэўирде илим пэнниң раўажланыўы ушын жүдэ үлкен үлес болып қосылып, тап ҳэзирги күнге шекем өзиниң бийбаҳа екенлигин жоғалтқан жоқ. Олардың жоқарыда қысқаша болса да келтирип өткен ибратлы пикирлери мақаламыздың тийкарғы мазмунын қурайды.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Баркамол авлод -Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. - Тошкент: «Шарк,», 1997. 63-б.
2. Авлоний А. Туркий гулистон ёхуд ахлоқ. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1992, 160-б.
3. Байрамов А.С. Динамика развития самостоятельности и критичности мышления у детей младшего школьного возраста. Автореф. дис ... доктора псих. наук. -Баку: 1968.
4. Беруни Абу Райхон. Избранные произведения. -Тошкент: 1957. т 1. -С. 487.
5. Каримова В.М., Суннатова Р.И., Тожибаева Р.Н. Мустақил фикрлаш. - Тошкент: «Шарк», 2000, 111- б.
6. Каримова В.М. Мустақил фикрлаш. Ўқув қўлланмаси бўйича машғулотларни ташкил етиш услубиёти. -Тошкент: «Шарк», 2000, 16.



**РЕЗЮМЕ**

Маколада Шарк мутафаккирларининг ёш авлодни тарбиялашга доир бой фикрлари таҳлили берилган.Талабаларда мустакил фикрни шакллантиришда билим,куникма ва малакаларни ривожлантириш йуллари хакида фикрлар билдирилган. Инсон, тафаккурининг кудрати вокеа ходисаларни бир-бири билан таккослаш,анализ килиш оркали ажратиш мумкин эканлиги айтилган. Бу борада укитувчиларнинг роли катта эканлигин билдирилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются дидактические труды Восточных мыслителей. В основном речь идёт о полном, глубоком и качественном овладении студентами знаниями, навыками и умениями, путях подготовки к свободному их применению. Особое внимание уделяется роли преподавателя.

**SUMMARY**

The article deals with the didactic works of Eastern thinkers. The author studies the full, deep and qualitative mastery by students of knowledge, habits and skills, ways of training for their free use special attention is paid to the role of a teacher in this work.


## EFFECTIVE STRATEGIES FOR MAINTAINING MOTIVATION


**T. Koyshekenova** – *a senior teacher*
**A.Tajetdinova** – *a student of the 2-d course*
*Nukus State Pedagogical Institute*



**Таянч сўзлар:** мотивация, аниқ мақсад, гармония ҳосил қилиш, жуфт бўлиб ишлаш, гурух бўлиб ишлаш, ролли ўйинлар, аудио-визуал материаллар, хатоларни тузатиш.

**Ключевые слова:** мотивация, определённая цель, создавать гармонию, парная работа, групповая работа, ролевая игра, аудио-визуальные материалы, исправление ошибок.

**Key words:** motivation, true and clear aim, to create harmony, pair work, group work, role play, audio-visual materials, error correction.


In this article, we try to address some major influential theories of motivation and the role of the teacher in enhancing learners' motivation and help them to achieve progress in their language learning process.

On December 10, 2012 President of the Republic of Uzbekistan Islam Karimov signed a decree "On measures to further improve foreign language learning system". According to the decree, starting from 2013/2014 school year foreign languages, mainly English, gradually throughout the country are taught from the first year of schooling in the form of lesson-games and speaking games, continuing to learning the alphabet, reading and spelling in the second year. So, teaching and learning English has been getting more and more attention. People are enthusiastic about learning English.

The role of the teacher is recognized as being highly significant in all the stages of the motivational process. As a teacher we should maintain learners' interest in teaching and learning English. There are several facets of creating initial learner motivation. B. Spolsky has divided these into five broad groups [2]:

1. Enhancing the learners' language-related values and attitudes;